

Règ Kont Diskriminasyon

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid aplike règleman kont diskriminasyon nan anplwa ak pwogram/aktivite edikasyonèl li yo, e li fè efò pozitif pou ofri opòtinité egal pou tout moun jan lwa yo mande sa, lè li:

“Title VI of the Civil Rights Act of 1964” (Akò 1964 sou Dwa Sivil Title VI) - entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, ak orijin nasyonal, ki gen ladan karakteristik reyèl oswa aparan yon moun genyen, ki sanble avèk zansèt li oswa yon gwoup etnik, oubyen sitwayènte oswa rezidans li nan yon peyi ki gen yon relijyon dominan oswa li genyen yon idantite relijye ki distenge li.

“Title VII of the Civil Rights Act of 1964” (Akò 1964 sou Dwa Sivil Title VII) jan yo amande li – entèdi diskriminasyon nan anplwa sou baz ras, koulè, relijyon, sèks (fi/gason) oubyen orijin nasyonal.

“Title IX of the Education Amendments of 1972” (Amandman 1972 nan Edikasyon Title IX) - entèdi diskriminasyon sou baz sèks (fi/gason). M-DCPS pa diskrimine sou baz sèks nan kèlkeswa pwogram edikasyon oubyen aktivite li opere jan Title IX mande sa. MDCPS pa diskrimine tou sou baz sèks nan kesyon admisyon oubyen anplwa.

“Age Discrimination Act of 1975” (Akò 1975 Kont Diskriminasyon sou Laj) - entèdi diskriminasyon baze sou laj nan pwogram oswa aktivite li yo.

“Age Discrimination in Employment Act of 1967 (ADEA)” (Akò 1967 Kont Diskriminasyon sou Laj nan Anplwa) jan yo amande li - entèdi diskriminasyon sou baz laj nan sa ki konsène moun ki gen omwen 40 an.

“The Equal Pay Act of 1963” (Akò 1963 sou Egalite nan Salè) jan yo amande li – entèdi diskriminasyon nan salè pou fi ak gason ki ap fè esansyèlman menm travay la nan menm etablisman an.

“Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973” (Seksyon 504 Akò 1973 sou Reyabilitasyon) – entèdi diskriminasyon kont elèv kalifye ki gen andikap.

“Americans with Disabilities Act of 1990 (ADA)” (Akò 1990 sou Ameriken ki gen Andikap) – entèdi diskriminasyon kont moun ki gen andikap nan anplwa, sèvis leta, akomodasyon publik ak telekomunikasyon.

“The Family and Medical Leave Act of 1993 (FMLA)” (Akò 1993 sou Vakans Medikal ak Fanmi) – mande pou anplwayè ki anba akò sa a bay jiska 12 semèn vankans san peye pou pwoteksyon travay pou anplwaye ki elijib pou sèten rezon familyal ak medikal.

“The Pregnancy Discrimination Act of 1978” (Akò 1978 Kont Diskriminasyon nan Gwosès) – Entèdi diskriminasyon nan anplwa sou baz gwosès, akouchman, oubyen kondisyon medikal ki gen rapò ak sa.

“Florida Educational Equity Act (FEEA)” (Akò sou Egalite nan Edikasyon nan Florid) – entèdi diskriminasyon sou baz ras, sèks (fi/gason), orijin nasyonal, kondisyon marital, oubyen andikap nan edikasyon publik.

“Florida Civil Rights Act of 1992” (Akò 1992 sou Dwa Sivil nan Florid) – bay asirans pou tout moun anndan eta a gen libète kont diskriminasyon akoz ras, koulè, relijyon, sèks, gwosès, orijin nasyonal, laj, andikap, oubyen kondisyon marital.

“Title II of the Genetic Information Nondiscrimination Act of 2008 (GINA)” (Akò 2008 Title II’ sou Absans Diskriminasyon konsènan Enfòmasyon Jenetik) - entèdi diskriminasyon kont anplwaye ak moun ki ap aplike pou travay akoz enfòmasyon jenetik.

“Boy Scouts of America Equal Access Act of 2002” (Akò 2002 sou Aksè Egal pou Jèn Gason Eskout nan Amerik la) – Okenn lekòl leta pa dwe anpeche aksè egal, oubyen yon opòtitinité rezonab pou kèk gwoup rankontre sou pwopriyete lekòl yo oubyen nan etablisman lekòl yo anvan oubyen aprè lè lekòl, oubyen fè diskriminasyon kont kèlkeswa gwoup ki afiliye ofisyèlman avèk ‘Boy Scouts of America’, oubyen nenpòt lòt gwoup jèn oubyen gwoup komunitè ki sou lis ‘Title 36’ kòm yon sosyete patriyotik.

Veteran gen dwa pou rejwenn travay yo ann akò avèk P.L. 93-508 (Lwa Federal) ak Seksyon 295.07 (Lwa Florid), ki espesifye kesyon preferans kategorik pou anplwa.

Anplis:

Règ Komisyon Konsèy Lekòl 1362, 3362, 4362, ak 5517 - Entèdi arasman e/oubyen diskriminasyon kont elèv, anplwaye, oubyen moun ki ap aplike pou travay sou baz laj, kondisyon sitwayènte, koulè, andikap, etnisite oubyen orijin nasyonal, FMLA, sèks fi/gason, idantite fi/gason, enfòmasyon jenetik, preferans lengwistik, sitiyasyon marital, opinion politik, gwosès, ras, relijyon, arasman seksyèl, oryantasyon seksyèl, ran sosyal ak istwa familyal, oubyen nenpòt lòt baz lalwa entèdi. Yo entèdi tou vanjans kont moun ki angaje l nan aktivite dwa sivil lalwa pwoteje.

Pou plis enfòmasyon sou ‘Title IX’ oubyen nenpòt lòt kesyon sou diskriminasyon/arasman, kontakte ‘U.S. Department of Education Office for Civil Rights’ oubyen:

Office of Civil Rights Compliance (CRC)

District Director/Title IX Coordinator

155 N.E. 15th Street, Suite P104E Miami, Florida 33132

Phone: (305) 995-1580 TDD: (305) 995-2400

Email: crc@dadeschools.net Website: <https://hrdadeschools.net/civilrights>